

Pare Pwòp Bòl Sereyal Ou

Kantite ki ekri pi ba la yo ap bay 2 bòl sereyal.

Ou ka fè plis oubyen mwens, si ou kenbe menm pwopòsyon yo.

Chwazi engredyan yo, epi swiv enstriksyon ki ekri nan do anbalaj la pou fè yon manje ki gen bon gou.

| Sereyal Debaz | Fwi ak Legim Fre / Konjle / Nan Bwat (Chwazi youn nan chak kategori) | Pwoteyin 1/2 tas, byen kwit | Sòs 1/3 tas | Dekorasyon Fakiltatif, dapre gou ou |
|--|--|--|---|---|
| 2 tas sereyal kwit Diri wouj Pasta ble antye Fawo oswa kinoa Kouchkouch ble antye Diri sovaj Pitimí Polenta oswa avvwàn | + Fwi (1/2 tas) : Pòm, blouberi, frèz, zannnanna Legim (1/2 tas - 1 tas) : Pwawwon, djondjon, kawòt, bwokoli, jouwoumou, zoukini, konkomm, fennouy, bòk chòy, berejenn fri Legim Vèt (1 tas) : Fèy leti, kel, awougoula, zepina, legim vèt melanje Nenpòt ki manje ki rete nan frijidè a ! | + Vyann moulen, poul oswa kodenn (chwazi sa ki san grès, oubyen retire grès la) Krevèt oubyen pwason Pwa, lanti, pwa pijon, edamam, oswa toufou (san dlo, epi sote) Ze (kwit nenpòt ki jan) | + Sòs ki pa gen anpil sodyòm, oswa vinegrèt senp Salsa Yogout ki pa gen anpil grès | + Fwomaj graje ki pa gen anpil grès Zanmann oubyen nwa griye Grenn sitwouy oswa grenn tounesòl Tranch zaboka, oliv, jalapeno, oubyen salsa Zèb rache (silantwo, pèsi) Sòs pike |



Vinegrèt senp

3 gran kiyè lwil doliv
2 gran kiyè vinèg wouj

Melanje jouktan yo entegre.

1 ti kiyè sèl
1/4 ti kiyè pwav



kontinye>

Enstriksyon :

1. Kwit sereyal yo dapre enstriksyon ki sou anbalaj la.
2. Pandan sereyal yo ap kwit, lave ak dekoupe fwi ak legim ou yo. Si w ap sèvi avèk legim ki nan mamit oswa ki te konjle, dekonjle yo epi retire tout dlo ki ladan. Si w ap sèvi avèk fwi ak legim kri, dekoupe yo an ti moso ki ka bay yon bouche oswa an tranch.
3. Pare sòs yo. Si ou gen manje ki te rete, sèvi avèk li pou brase nan sòs la oubyen pou dekore salad la.
4. Gaye grenn yo nan fon yon bòl mwayenn, epi depoze fwi, legim, ak pwoteyin sou yo. Woze yo ak sòs la, epi mete dekorasyon an sou yo.

Eseye Kobinezon sa yo

Bòl tako :

Diri wouj / tomat + zonyon + pwav / vyann moulen oswa poul dekoupe / oliv + jalapeno + yogout ki pa gen anpil grès + fwomaj rape / sòs pike oubyen salsa

Bòl legim :

- Leti + kinoa oswa kouchkouch
- / legim kwit oubyen kri ou
- renmen + yon lòt legim
- (fennouy, bòk chòy, berejenn
- fri) / vinegrèt senp / gress
- tounesòl

Salad soleyle leve :

- Avvàn / frèz dekoupe + pèch
- nan mamit + blouberi konjle
- / kannbèj sèk oubyen siwo
- myèl / gress zanmann kase



Enstitisyon sa a bay tout moun chans egal.

Moun ki conn gou bouch ou ?

Ou ka fè yon bòl sereyal dapre gou ou ! Mande timoun yo konpoze pwòp bòl sereyal yo avèk differan kalite engredyan. Fè yo sanble figi ki komik oswa kreye dekorasyon pou mete sou yo.

Ou pa gen anpil tan ? Sèvi avèk menm sereyal yo plizyè fwa, nan differan jan. Kwit yon gwo mamit diri oubyen pasta, epi sèvi avèk li pou manje plizyè fwa. Ou mét manje salad la frét oubyen cho tou - eseye pasta cho yon swa, epi yon salad vèmisèl frèt nan demen.

Ou vle fè ekonomi ?

Salad sereyal ki rete ka fè yon bon plat manje midi. Pifò sereyal yo bon mache, epi yon gwo pakèt diri oubyen lanti ap dire lontan nan gadmanje w.

Èske ou toujou genyen engredyan ki rete ? Fè yon bòl salad ki gen engredyan apetisan, epi ajoute yon bouyon legim chofe pou fè yon soup rapid ki gen bon gou !